

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pikeun gaul jeung jalma lian, manusa merlukeun komunikasi. Komunikasi bisa jadi salasihiji sarana sangkan boga konéksi jeung jalma lian nu aya di sabudeureunana. Dina komunikasi, penting pikeun nyusun kekecapan nalika nepikeun informasi. Ku kituna, sangkan lumangsungna prosés komunikasi kalayan lancar, panyatur kudu bisa ngawasa basa nu luyu jeung kaédah kabasaan, utamana dina basa Sunda. Dina komunikasi basa Sunda, tahapan nu dimaksud nyaéta tatakrama atawa Undak Usuk Basa Sunda (UUBS) nu mangrupa tahapan dina ngagunakeun basa Sunda sacara umum nu ngawengku ragam basa lemes, basa loma, jeung basa kasar (Wulandari et al., 2014, kc. 175).

Basa mangrupa hal penting nu digunakeun pikeun nepikeun gagasan, pikiran jeung rasaan hiji jalma ka jalma séjén. Chaér (2010, kc. 14) nétélakeun yén basa mangrupa lambang sora nu sipatna has jeung arbitrér nu digunakeun ku manusa salaku alat komunikasi atawa pikeun prosés interaksi sosial. Dina nyarita, panyatur jeung pamiarsa kudu mikanyaho kana kaédah-kaédah nu ngatur tindakan, makéna basa jeung interprétasina kana tindakan jeung caritaan pamiarsa (Wijaya, 2019, kc. 78). Prosés komunikasi lumangsung dina kontéks nu tangtu. Ulikan ngeunaan hubungan basa jeung kontéksna disebut pragmatik.

Pragmatik teu bisa leupas tina kontéks omongan pikeun nepikeun ma'na atawa pesan ka pamiarsa. Leech (1993, kc. 8) nétélakeun yén dina pragmatik, ma'na didéfinisikeun nu aya patalina jeung panyatur atau makéna basa. Dina ma'na aya patalina jeung situasi omongan nu unsur-unsur ma'na na bisa diulik dina kajian pragmatik. Lian ti éta, nurutkeun Hymes (dina Chaer & Agustina, 2014, kc. 48) aya sababaraha komponén nu jadi faktor dina pragmatik nu mangaruhan polah ucap nu disebut *SPEAKING*, di antarana *Setting/ Scene*, *Participants*, *Ends*, *Acts*, *Keys*, *Instrumentalities*, *Norms*, jeung *Genre*. Sedengkeun Sudaryat (2016, kc. 182) yén éta komponén omongan téh disingget UNGKARA. Jaba ti éta, pragmatik ngabogaan prinsip ngeunaan cara manusa nyarita dina situasi nu tangtu, salasihijina

nyaéta prinsip kasopanan. Ayana prinsip kasopanan, bisa dilarapkeun ku panyatur dina situasi jeung kontéks nu tangtu.

Panyatur jeung pamiarsa dina hiji kontéks omongan nu tangtu kudu merhatikeun prinsip kasopanan dina kabasaan sangkan nyingkahan kasalahpahaman ngeunaan ma'na, utamana dina basa Sunda ku cara merhatikeun undak usuk basa nu leuwih sopan. Leech (dina Nadar, 2009, kc. 28-29) nétélakeun yén di masarakat, peran sopan santun penting pisan, lantaran mangrupa komplemén tina prinsip gawébareng. Prinsip kasopanan mangrupa kaédah makéna basa dina waktu ngayakeun paguneman jeung jalma lian kalawan binarung ku kasopanan (Sudaryat, 2016, kc. 200). Prinsip kasopanan ngabogaan dampak di masarakat nu bisa dilarapkeun di kahirupan sapopoé.

Dina lumangsungna komunikasi, prinsip kasopanan bisa muncul di mana waé boh sacara lisan boh sacara tulisan, salasihijina dina karya sastra nyaéta kumpulan carpon nu bisa dibaca ku balaréa sarta ngandung ajén nu bisa ditarima ku nu maca jeung miboga mangpaat sangkan bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Paparan ngeunaan prinsip kasopanan dina kumpulan carpon ditilik tina basa nu digunakeunana, ngaliwatan wangun paguneman. Diksi nu dipaké dina dialog atawa monolog sarua pentingna pikeun numuwuhkeun jeung ngahirupkeun caritaan dina karya. Dina ngagunakeun basa, aya patalina jeung kaédah-kaédah nu luyu jeung budaya sarta ajén-inajén nu lumaku di kahirupan masarakat. Makéna basa nu luyu jeung ajén sarta budaya di masarakat jadi acuan penting pikeun kasopanan dina basa. Ku kituna, paguneman nu ngandung prinsip kasopanan dina karya sastra salasihijina nyaéta kumpulan carpon *Kanyaaah Kolot* nu luyu jeung kontéks ujaranna, boh nu ngukuhan boh nu ngarempak bisa dijadikeun conto pikeun dilarapkeun di kahirupan sapopoé.

Dina panalungtikan saacanna aya sababaraha panalungtik nu geus medar ngeunaan prinsip kasopanan, nyaéta *Prinsip jeung Maksim Omongan dina Paguneman Kumpulan Carpon Panggung Wayang Karya Aam Amilia* (Samsudin, 2014), *Prinsip jeung Maksim Paguneman dina Kumpulan Carpon Si Kabayan Tapa Karya Min Resmana* (Nursalam, 2012), jeung *Prinsip Kasopanan dina Carita Nyambung Dirawu Kélong Karya Ahmad Bakri Pikeun Bahan Pangajaran Paguneman di Kelas VII SMP* (Darunnajah, 2015).

Sasaruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku Samsudin (2014), sarua medar ngeunaan prinsip jeung maksim dina paguneman. Ari sarua ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku Nursalam (2012) sarua medar ngeunaan prinsip jeung maksim nu maké ulikan pragmatik. Panalungtikan nu dilakukeun ku Darunnajah (2015) ogé sarua medar ngeunaan prinsip kasopanan nu mangrupa prinsip jeung maksim dina paguneman. Bédana jeung ieu panalungtikan nyaéta sumber data sarta prinsip jeung maksim paguneman nu ditalungtikna. Panalungtikan nu dilakukeun ku Samsudin (2014) medar ngeunaan prinsip jeung maksim omongan nu ngawengku prinsip gawébareng jeung prinsip kasopanan dina paguneman kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia. Ari panalungtikan Nursalam (2012) medar ngeunaan adegan paguneman, prinsip jeung maksim paguneman katut maksud omongan prinsip jeung maksim omongan nu ngawengku prinsip gawébareng jeung prinsip kasopanan dina paguneman kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resman. Ari panalungtikan nu dilakukeun ku Darunnajah (2015) saukur prinsip kasopanan sarta dipatalikeun jeung bahan pangajaran tingkat SMP.

Tina tilu judul panalungtikan di luhur ulikan ngeunaan prinsip kasopanan masih perlu dilaksanakeun, lantaran pikeun ngajembarkeun pangaweruh masarakat kana makéna basa. Sasaruaan tina ieu panalungtikan nyaéta maluruh ngeunaan maksud unggal omongan nu aya dina téks paguneman, pedaran prinsip jeung maksim paguneman nu aya dina téks paguneman. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjénna nyaéta dina prinsip nu ditalungtik saukur prinsip kasopanan dina wujud nu ngukuhan jeung nu ngarempak, ngawengku wujudiah basa prinsip kasopanan, maksud polah ucap, jeung komponén polah ucap. Lian ti éta, tina sumber datana nyaéta buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

Luyu jeung kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan nu judulna “Prinsip Kasopanan dina Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot* Karya Karna Yudibrata (Ulikan Pragmatik)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, dirumuskeun masalah panalungtikan ieu di handap.

- a. Kumaha omongan nu ngukuhan jeung nu ngarempak prinsip kasopanan dina paguneman kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata?
- b. Kumaha maksud polah ucap dina unggal paguneman nu ngandung prinsip kasopanan dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata?
- c. Kumaha komponén polah ucap nu mangaruhan kana kagiatan paguneman nu ngandung prinsip kasopanan dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan boga dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun manggihan jeung ngadéskripsikeun ngeunaan prinsip kasopanan ngaliwatan paguneman kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata sangkan bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- a. Omongan nu ngukuhan jeung nu ngarempak prinsip kasopanan dina paguneman kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.
- b. Maksud polah ucap dina unggal paguneman nu ngandung prinsip kasopanan dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.
- c. Komponén polah ucap nu mangaruhan kana kagiatan paguneman nu ngandung prinsip kasopanan dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan boga dua mangpaat nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis nu nyampak dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun kamekaran ulikan élmu pragmatik, hususna pangaweruh ngeunaan prinsip jeung maksim kasopanan dina paguneman.

1.4.2 Manfaat Praktis

Manfaat praktis tina ieu panalungtikan, nyaéta pikeun panalungtik, mahasiswa, jeung balaréa.

- a. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan gedé gunana dina nambahan pangaweruh ngeunaan widang pragmatik, utamana ngeunaan prinsip jeung maksim kasopanan dina paguneman.
- b. Pikeun mahasiswa, dijadikeun référénsi dina mata kuliah anu aya patalina jeung widang kabasaan, atawa dina mata kuliah séjén anu aya patalina jeung panalungtikan ilmiah.
- c. Pikeun balaréa, dijadikeun bahan pangaweruh kana ajén-ajén kasopanan ngaliwatan téks paguneman anu aya dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika ieu tulisan diwangun ku lima bab saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, manfaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, eusina ngawengku prinsip kasopanan dina pragmatik, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

BAB III Méthode panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngadéskripsikeun hasil panalungtikan tuluy dipedar sacara gembleng tina hasil analisis data.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékomendasi tina sakabéh pedaran hasil panalungtikan.